

Nimewo 135

DEKRÈ EGZEKITIF

**POU PWOLONJE DEKLARASYON ETA DIJANS NAN KONTE
BRONX, KINGS, NEW YORK, QUEENS AK RICHMOND**

ALÒSKE, nan dat 26 oktòb 2012, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 47 pou deklare yon eta dijans nan tout 62 konte Eta New York; epi

ALÒSKE, nan dat 24 avril 2013, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 98 pou pwolonje deklarasyon eta dijans la nan konte Bronx, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Sullivan, Ulster ak Westchester pandan katrevendis jou; epi

ALÒSKE, nan dat 15 jiyè 2013, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 109 pou pwolonje deklarasyon eta dijans la nan konte Bronx, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Sullivan, Ulster ak Westchester pandan katrevendis jou; epi

ALÒSKE, nan dat 11 oktòb 2013, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 116 pou pwolonje deklarasyon eta dijans la nan konte Bronx, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Sullivan, Ulster ak Westchester pandan sanven jou; epi

ALÒSKE, nan dat 13 jen 2014, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 134 pou pwolonje nan yon manyè ki aplikab pou tan anvan tou deklarasyon eta dijans la pandan sankatreven jou apati 8 fevriye 2014, pou konte Bronx, Kings, New York, Queens ak Richmond; epi

ALÒSKE, apati dat 29 oktòb 2012 ak pou yon peryòd ki kontinye annapre, Sipè Ouragan Sandy te pote van devastatè ak lavalas lapli ki koze inondasyon san parèy ak ond tanpèt grav nan tout Eta New York, kote sèten zòn toujou ap lite pou retabli;

JODI A, KIDONK, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, konfòmeman ak otorite Seksyon29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la ban mwen, epi lè m finn konsidere tout evenman ak sikonstans ki enpòtan yo, mwen deklare sitiyasyon dijans la, jan Dekrè Egzekitif Nimewo 47 la te deklare li epi te kontinye ak Dekrè Egzekitif Nimewo 98, 109, 116 ak 134, pral kontinye pandan sankatreven jou pou konte Bronx, Kings, New York, Queens, ak Richmond.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, sizyèm jou mwa out ane de mil
katòz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a